

Nou tout gen bon kesyon konsènan vaksen an

Èske vaksen COVID-19 yo san danje?

Vaksen COVID-19 ki disponib Canada yo san danje epi efikas. Yo te apwouve pa komite Sante Canada ki gen ekspè syantifik ak doktè. Yo te kenbe menm estanda kalite ak sekirite pou vaksen sa yo tankou pou nenpòt lòt vaksen ki itilize nan Canada.

Canada ak Québec gen yon sistèm siveyans vaksen trè konplè.

Nan ki nivo vaksen yo efikas kont COVID-19?

Tout vaksen COVID-19 yo efikas pou plis pase 80% kont fòm grav maladi a, pou entène lopital ak pou lanmò. Si w gen enkyetid konsènan vaksen yo, pale ak pwofesyonèl sante ki fè evalyasyon w lan nan sant vaksinasyon an. Apre w ap an mezi pou pran yon desizyon eklere.

Poukisa vaksinasyon an enpòtan?

Vaksen kont COVID-19 yo anpeche fòm grav maladi a ak risk konplikasyon yo. Objektif prensipal vaksinasyon kont COVID-19 se diminye ka pou entène lopital ak ka lanmò yo ki asosye ak COVID-19 kay moun ki plis a risk yo. Li ta dwe kontribye tou nan kenbe sante ak aktivite sèvis sosyal yo epi pèmèt popilasyon an retounen nan yon lavi nòmal pi vit ke posib.

Kiyès ki a risk?

Granmoun aje yo gen pi gwo risk pou yo devlope konplikasyon ak mouri nan COVID-19. Moun ki gen maladi kwonik, ki an kontak souvan ak moun ki enfekte yo oswa ki gen yon sistèm iminite ki ba gen risk tou, men laj lan rete prensipal faktè risk lan.

Ki kote mwen ka vaksinen?

Ou kapab vaksinen avèk ou san randevou. Pou jwenn yon lokal ki pi pre w ak dat ki disponib yo, vizite [Québec.ca/vaccinCOVID](https://quebec.ca/vaccinCOVID). Vaksinasyon an gratis. Yo pa ofri vaksinasyon kont COVID-19 nan sektè prive a.

E si mwen gen difikilte pou itilize entènèt?

Si w gen difikilte pou itilize entènèt, mande fanmi w oswa zanmi w èd. Si ou pa gen aksè ak entènèt, rele 1-877-644-4545 (nimewo telefòn gratis).

Èske m ap ka resevwa yon vaksen si mwen pa gen kat asirans sante a?

Si ou pa yon rezidan pèmanan epi ou pa gen yon kat asirans sante, ou ka toujou resevwa vaksen COVID-19 paske sa se yon mezi sante piblik pou pwoteje tout moun k ap viv nan Québec. **Kèlkeswa estati imigrasyon ou, w ap kapab vaksinen. Yo itilize enfòmasyon sa sèlman pou etabli idantite moun lan nan rejis vaksen an.** Yo pa voye l bay otorite yo oswa itilize l nan lòt objektif. Si ou pa gen yon kat asirans sante, rele 1-877-644-4545 (nimewo telefòn gratis).

Konbyen dòz COVID-19 m ap bezwen poum ka byen pwoteje?

Premye dòz la pran omwen 14 jou pou li efikas. Dezyèm dòz la nesèsè pou pi devan redwi transmisyon epi ogmante pwoteksyon li bay osi byen ke dire pwoteksyon an. Dezyèm dòz lan efikas anviwon apre yon semèn. Yon semèn apre ou fin resevwa dezyèm dòz la, w ap gen bon jan pwoteksyon. Pou pi bon pwoteksyon, dezyèm dòz lan dwe administre sou uit semèn oswa plis apre premye dòz la.

Pou moun ki te gen COVID-19 nan omwen 21 jou anvan yo pran vaksen an, yon sèl dòz vaksen ap nesèsè. Enfeksyon an deklannche repons sistèm iminitè a menm jan ak premye dòz vaksen an. Kidonk dòz vaksen yo bay yon moun ki te gen COVID-19 ta pral gen yon efè rapèl tankou jan yon dezyèm dòz ta ka fèl sou yon moun ki pat janm enfekte. Sonje ke li pa danjere pou yon moun ki te gen COVID-19 resevwa de dòz vaksen.

Y ap ba ou yon dezyèm randevou nan sant vaksinasyon an pou dezyèm dòz ou an.

Èske m ap resevwa yon prèv vaksinasyon?

Nan Québec, lè w vaksinen, yo ba ou yon kopi papye prèv vaksinasyon ou an. Sa aplikab pou tout vaksen, ki gen ladann vaksen COVID-19 yo tou. Yon prèv dijital vaksinasyon disponib tou apre ou fin resevwa yon vaksen COVID-19. Prèv vaksinasyon sa a se yon fichye PDF ke ou ka telechaje nan òdinatè w oswa aparèy mobil ou. Menmsi si ou gen yon prèv dijital vaksinasyon, nou **trè** ankouraje w kenbe yon kopi papye prèv ou an.

Apre vaksinasyon COVID-19 ou an, ou kapab telechaje prèv dijital vaksinasyon ou an nan pòtay **lib sèvis lan**. Pou gen aksè ak li, ale sou <https://covid19.quebec.ca/PreuveVaccinale>. Depi ou nan pòtay lan, yo pral mande w pou founi enfòmasyon sa yo:

- Non w ak siyati w;
- Dat nesans ou;
- Dat premye vaksinsayon w kont COVID-19;
- Non premye vaksen COVID-19 ou an;
- Nimewo asirans sante w.

Depi enfòmasyon sa yo fin verifye, w ap kapab telechaje prèv dijital vaksinasyon ou an, sofsi yon mesaj erè parèt. Nan ka sa, ou p ap kapab telechaje prèv ou an sou pòtay lan. Yon mesaj erè ka afiche si:

- Kèk nan enfòmasyon ou bay yo pa koresponn ak enfòmasyon ki nan Rejis Vaksinasyon Quebec la oswa nan Régie de l'assurance maladie du Québec (RAMQ).
- Paran ou yo pa anrejistre nan RAMQ.

Gen travay k ap fèt pou rann prèv dijital vaksinasyon yo disponib pou tout moun. Moun ki gen 14 lane oswa pi piti pap kapab telechaje prèv yo atravè pòtay la.

Si papye oswa kopi dijital prèv vaksinasyon ou an gen erè ladan, ou dwe fè yo korije l. Jis pran yon randevou anliy sou Clic Santé epi chwazi Sèvis rezolisyon pwoblèm - Vaksen COVID-19. Apre ou dwe ale an pèsòn nan yon sant vaksinasyon ak kat asirans sante w la oswa lòt pyès idantite.

Pou plis enfòmasyon sou prèv vaksinasyon, vizite:

<https://www.quebec.ca/en/health/health-issues/a-z/2019-coronavirus/progress-of-the-covid-19-vaccination/proof-covid-19-vaccination>

Sonje: vaksen an diminye sentòm ak prevni konplikasyon medikal ki asosye ak COVID-19 yo. Vaksinasyon se pi bon mwayen pwoteksyon.